



Pou Piblikasyon Imedya: 02/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRAM PILÒT REZEN-A-LEKÒL LA

*Dis Lekòl pral Ajoute Ji Rezen Konkòd ki Kiltive ak Sètifye nan Eta New York nan Meni yo epi Ofri Aktivite Edikasyonèl ak Tès Degistasyon*

*L ap Reyalize Objektif yo te Dekri nan Somè Rezen Konkòd la Kote yo te Prewa Agrandi Nouvo Mache ak Pwomouvwa Devlopman Nouvo Pwodui pou Endistri Rezen Konkòd la*

*L ap plis Agrandi Inisyativ Fèm-a-Lekòl la ak Inisyativ Okenn Elèv Pa Dwe Ret Grangou a*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse pwogram pilòt Rezen-a-Lekòl la (Grape-to-School pilot program), ki se yon tou nouvo efò na kad inisyativ Fèm-a-Lekòl la (Farm-to-School) k ap entwodui elèv yo a ji rezen Konkòd yo kiltive nan New York nan distri lekòl yo ak pwogram Konsèy Koperativ Sèvis Edikasyonèl (Boards of Cooperative Educational Services, BOCES) k ap patisipe yo. Jiska fen ane lekòl la, 10 distri pral sèvi ji rezen Konkòd ki Kiltive ak Sètifye nan Eta New York (NYS Grown & Certified) nan meni yo. Anplis de sa a, distri k ap patisipe yo pral ofri aktivite edikasyonèl ak tès degistasyon pou pwomouvwa sektè agrikilti New York la epi mete plis pwodui yo kiltive onivo lokal nan meni lekòl yo.

"Tou premye pwogram konsa sa a pral non sèlman pote rezen Konkòd byen nourisan yo kiltive onivo lokal bay timoun lekòl toupatou atravè eta a yo, men tou li pral ofri apòtinite edikasyonèl ki pral pèmèt yo aprann konnen plis enfòmasyon sou endistri agrikòl New York la yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk inisyativ sa a, nou ap kontinye angajman nou pran pou nou pote atik nourisan nan meni lekòl ki nan kat kwen eta a, epi sipòte agrikiltè ak kiltivatè lokal nou yo pandan y ap travay pou yo ban nou pi bon jan kalite pwodui ki genyen."

"Rezen Konkòd yo se yon eleman enpòtan nan peyizaj agrikòl divèsifye Eta New York la", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Jan mwen te remake pandan premye Somè Rezen Konkòd la (Concord Grape Summit) ane pase, nou ap konsantre sou endistri rezen an onivo tout eta a. Pwogram pilòt rezen-a-lekòl la ap kontinye efò nou ap fè yo, sa k ap ajoute rezen konkòd nan lekòl yo epi pwomouvwa devlopman pwodui yo. Inisyativ sa yo ap ede agrandi mache yo, kreye nouvo opòtinite, epi ranfòse ekonomi agrikòl New York la."

Nan kòmansman jounen an, patnè k ap patisipe nan inisyativ Fèm-a-Lekòl la yo te selebre nouvo pwogram pilòt la nan lekòl primè Armor Elementary School la nan Hamburg nan kad pwogram manje midi lokal NY Thursdays la. Elèv yo, soti nan matènèl rive nan 5yèm ane (K-5), te savoure repa yo kwit ak 100% pwodui lokal, ki gen

ladan vè ji rezen Konkòd ki Kiltive ak Sètifye nan Eta New York ki soti nan New York Juice Company, òtdòg yo fè ak vyann bèf ki Elve ak Sètifye nan Eta New York ki soti nan Slate Foods, chip New York ki soti nan Marquart Farms, Bandit Beans ki soti nan Genesee Valley Bean Company, ak lèt ki Pwodui ak Sètifye nan Eta New York NYS ki soti nan Upstate Farms.

Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la (New York State Department of Agriculture and Markets) ap travay an patenarya ak Fideyikomi Tèren Agrikòl Ameriken an (American Farmland Trust, AFT) sou pwogram pilòt la, atravè inisyativ Fèm-a-Enstitisyon (Farm-to-Institution) kolaboratif Eta New York la. Westfield Maid Cooperative ak konpayi pwodiksyon bwason ki baze nan Long Island lan, ke yo rele New York Juice Company an, te fè patenarya ansanm pou yo pwodui ak anbale vè ki ranpli ak ji rezen Konkòd yo.

Distri k ap patisipe nan pwogram pilòt Rezen-a-Lekòl la gen ladan:

- Distri Lekòl Santral Beacon lan (Beacon Central School District), Vil Beacon, Konte Dutchess
- Lekòl Leta Buffalo yo (Buffalo Public Schools), Vil Buffalo, Konte Erie
- Distri Lekòl Santral Hamburg la (Hamburg Central School District), Vil Hamburg, Konte Erie
- Distri Lekòl Santral Maine Endwell la (Maine Endwell Central School District), Konte Broome
- BOCES Oneida-Herkimer-Madison lan, Konte Oneida, Herkimer, ak Madison
- Lekòl Renaissance Charter School la, Queens
- Distri Lekòl Santral Schoharie a (Schoharie Central School District), Vil Schoharie, Konte Schoharie
- Distri Lekòl Santral Sidney a (Sidney Central School District), Vil Sidney, Konte Delaware
- Distri Lekòl Santral Whitesboro a (Whitesboro Central School District), Vilaj Whitesboro, Konte Oneida
- Distri Lekòl Santral Windsor la (Windsor Central School District), Vil Windsor, Konte Broome

New York Juice Company ak Westfield Maid, ki se de premye konpayi tretman ji ki fè pati pwogram Kiltive ak Sètifye nan Eta New York la, ap apwovizyon vè ji pou plis pase 65 distri adisyonèl atravè eta a, ki gen ladan ji rezen Konkòd. Ji yo achte yo ap ede lekòl yo satisfè objektif ki tabli pou yo achte 30% nan pwovizyon yo nan men sous lokal pou yo ka kalifye pou to ranbousman frè manje midi lekòl ki pi elve.

Yo ranpli vè ji ki mezire kat ons yo avèk yon nouvo gou "Kiltive Rezen" (Growing Grape). So Kiltive ak Sètifye nan Eta New York la, ki byen an evidans sou chak vè ji, fè konsomatè yo konnen ke ji a fèt ak rezen agrikiltè New York yo, ki pran angajman pou yo respekte estanda elve an matyè sekirite alimantè yo epi ki fè prèv pwoteksyon anvwonmantal yo, kiltive.

**Komisè Depatman Agrikilti Eta a, Richard A. Ball te deklare,** "Nou apresye sipò Gouvènè Cuomo ap bay sektè agrikilti Eta New York la, ansanm ak endistri pwodui alimantè ak bwason yo epi nou kontan anpil pou nou wè lekòl nou yo pote rezen

Konkòd frè, nourisan, yo kiltive nan New York pou timoun lekòl nou yo. New York klase kòm dezyèm nan nasyon an pami pwodiktè rezen Konkòd epi pwogram pilòt sa a pral non sèlman edike elèv nou yo sou kote manje yo soti men tou li pral ede mete aksan sou enpòtans rezen Konkòd genyen pou ekonomi agrikòl nou an, epi konekte kiltivatè ak pwodiktè nou yo ak nouvo kliyan".

**Senatè Jen Metzger, Prezidan Komite Agrikilti Sena a (Senate Agriculture Committee), te deklare,** "Antanke yon patizan antouzyastik pwogram fèm-a-lekòl la, mwen vrèman kontan pou m wè pwogram pilòt sa a pote ji rezen Konkòd yo kiltive onivo lokal nan lekòl yo toupatou nan New York. Pwogram sa a te double avantaj ki genyen lè nou ofri elèv yo bwason nourisan ki gen bon gou pandan l ap sipòte fèm ak agrikiltè New York yo".

**Prezidan Komite Agrikilti Asanble a (Assembly Agriculture Committee), Donna Lupardo te deklare,** "Pwogram pilòt Rezen-a-Lekòl la se yon pwolonjman natirèl efò reyisi inisyativ Fèm-a-Lekòl nou yo. Li bon pou nou konnen ke elèv toupatou nan Eta a yo, ki gen ladan isit la nan Konte Broome, pral savoure ji rezen ki Kiltive ak Sètifye nan New York. Yo pral aprann konnen ke New York se dezyèm pi gran pwodiktè rezen Konkòd, pandan y ap savoure yon pwodui nourisan yo fabrike onivo lokal. Sa fè pati efò nou kontinye ap fè pou nou jwenn nouvo mache ak nouvo pwodui pou endistri rezen Konkòd nou an".

**Direktè Adjwen Fideyikomi Tèren Agrikòl Ameriken Eta New York la, Erica Goodman te deklare,** "Fideyikomi Tèren Agrikòl Ameriken an kontan anpil pou nou fè patenarya ak Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la paske yo pote ji rezen Konkòd pou lekòl matènèl a 12yèm ane (K-12) eta nou an yo, sa k ap ouvri yon nouvo mache pou kiltivatè rezen New York yo. Lè nou ede edike lekòl nou yo epi ba yo mwayen pou yo entwodui plis pwodui alimantè yo kiltive nan New York se yon bèl egzanp ki montre kijan lè nou kite lajan manje nou yo anndan ekonomi lokal la, sa ka sipòte agrikiltè New York yo".

**Anne Rich, ki se Direktè Alimantasyon ak Nitrisyon pou Lekòl Hamburg yo (Food and Nutrition for Hamburg Schools) te deklare,** "Nou vrèman rekonesan pou nou gen yon lòt atik Eta New York ankò ki gen bon gou pou sèvi elèv nou yo! Li souvan difisil pou ekilibre kisa timoun yo renmen ak kisa ki bon pou lasante epi ki satisfè direktiv nitrisyonèl timoun yo. Ji rezen Konkòd Eta New York la fè egzakteman sa a! Epi inisyativ Rezen-a-Lekòl la ap ede pwogram nitrisyon timoun yo toupatou atravè eta a atenn objektif nou te tabli nan kad Inisyativ Okenn Elèv Pa Dwe Ret Grangou (No Student Goes Hungry Initiative) Gouvènè Cuomo a. Tout avantaj ki soti nan bèl pwogram Fèm-a-Lekòl tankou pwogram sa a - elèv yo, pwogram nitrisyon timoun yo, distribitè, fabrikan ak agrikiltè Eta New York yo. Nou remèsye tout moun ki te ede reyalize inisyativ Rezen-a-Lekòl la!"

**Prezidan New York Juice Company an, Mike Puntillo te deklare,** "Se te yon plezi pou m te travay ak NYSDAM, Westfield Maid Cooperative ak Fideyikomi Tèren Agrikòl Ameriken an nan kad pwogram Kiltive ak Sètifye a. Misyon nou se pou nou kiltive pwodui lokal, nou fabrike ak engredyan lokal, ki vyab sou plan ekonomik nan mache konpetitif la. Mwen remèsye kiltivatè rezen yo, direktè sèvis alimantè yo ak distribitè nou an, Sysco Foods, pou angajman yo pran anvan pwogram Kiltive ak Sètifye a ak

paske yo rann pwogram pilòt sa a posib. New York Juice Company pral kontinye travay pou nou pote bon jan kalite engredyan, anbalaj sekirite, ak ji ki fabrike ak pwodui lokal pou elèv nan Eta New York yo ak pi lwen toujou".

**Lidè Lavant ak Manm Konsèy Administrasyon Westfield Maid Cooperative an, Andy Putnam te deklare,** "Westfield Maid Cooperative trè kontan epi nou vrèman rekonesan anvè sipò Eta New York ban nou pou ede pote pwodui ji rezen Konkòd ki Kiltive ak Sètifye nan Eta New York nou an nan pwogram manje midi lekòl yo. Jan nou te premye diskite pandan somè rezen Konkòd ane pase a nan Westfield, li vrèman enpòtan pou lekòl Eta New York yo bay elèv yo bon jan kalite pwodui agrikòl ki Kiltive ak Sètifye nan Eta New York pou ofri asirans sou plan sekirite alimantè, edike yo sou diferans kalite ki genyen ant pwodui sa yo ak lòt pwodui altènatif yo pa kiltive onivo lokal yo, epi pwomouvwa meyè enterè ekonomik eta a an jeneral. Nou vrèman kontan anpil pou potansyèl chak elèv soti nan matènèl rive nan 12yèm ane (K-12) nan Eta New York yo genyen pou yo savoure regilyèman yon pòsyon ji rezen Konkòd jan l ta dwe ye a - ki soti dirèkteman nan rejyon kilti rezen Konkòd Lak Erie a. Inisyativ Fèm-a-Lekòl sa a ap vrèman fè diferans nan pwoteksyon vitalite rejyon agrikòl sa a nan gran eta nou an ki vrèman enpòtan anpil epi ki eksepsyonèlman bèl".

Pwogram pilòt Rezen-a-Lekòl la ap plis agrandi pwogram Fèm-a-Lekòl Eta a, Inisyativ Okenn Timoun Pa Dwe Ret Grangou Gouvènè a, ak lòt efò li kontinye ap fè yo tankou, pwogram Taste NY la ak Kiltive ak Sètifye Eta New York la, k ap pwomouvwa acha pwodui alimantè ak bwason lokal yo toupatou atravè Eta New York.

Pwogram sa a pal atenn tou objektif yo te dekri nan Somè Rezen Konkòd Eta a ke yo te òganize an 2018 la, lè li agrandi nouvo mache yo pou endistri rezen Konkòd New York la epi pwomouvwa nouvo pwodui novatè yo fè ak rezen Konkòd yo. Yo te anonse plizyè mezi novatè, pami yo nouvo efò komèsyalizasyon sa yo, gras a somè a pou ogmante opòtinite pou fèm yo ak biznis ki nan sektè agrikòl sa a. Anpil nan inisyativ sa yo te fini deja, pami yo Pwogram Sètifikasyon Viy lan (Vine Certification Program) ki vize garanti pwodiksyon danre ki pa gen maladi; sipòte nouvo rechèch nan syans alimantè ak devlopman nouvo pwodui yo fè ak rezen Konkòd yo; òganize atelye sou opòtinite ekspòtasyon ki genyen yo ak ogmante reprezantasyon endistri rezen an onivo fwar komèsyal yo; epi ekspoze rezen Konkòd nan Sant Dakèy Taste NY yo ak nan Gran Fwar Eta New York la (Great New York State Fair).

Eta New York se dezyèm pi gran pwodikte rezen Konkòd nan nasyon an, avèk anvwon 12,141 ekta vinyòb ki sitiye nan senti agrikòl rezen an. Pifò ladan, plis pase 7,284 ekta sitiye anndan Eta New York. Yo itilize varyete Konkòd la nan pwodiksyon plizyè pwodwi a valè ajoute, ki gen ladan ji rezen, jele ak mamelad rezen, ak diven.

### **Enfòmasyon sou Fideyikomi Tèren Agrikòl Ameriken an**

Fideyikomi Tèren Agrikòl Ameriken an se sèl òganizasyon nasyonal ki swiv yon apwòch global nan zafè agrikilti, ki konsantre sou tèren an menm, sou pratik agrikòl yo itilize sou tèren sa a, ak sou agrikiltè ak elvè ki travay tè sa yo. AFT te lanse mouvman konsèvasyon agrikòl la epi nou kontinye ogmante sansibilizasyon piblik atravè mesaj, Pa Gen Fèm, Pa Gen Manje nou an (No Farms, No Food). Depi lè yo te fonde l an 1980 an, AFT te ede pwoteje plis pase 2.63 milyon ekta tèren agrikòl nan fason pèmanan, fè vanse pratik agrikòl ekolojik sou plizyè milyon ekta tèren adisyonèl, epi

sipòte anpil milye fanmi ki gen fèm yo. Inisyativ Fèm-a-Enstitisyon Eta New York la (Farm to Institution New York State, FINYS) se yon inisyativ kolaborativ sou direksyon Fideyikomi Tèren Agrikòl Ameriken an ki vize agrandi nan fason konsiderab volim pwodui alimantè yo pwodui nan fèm lokal yo ke yo sèvi nan enstitisyon toupatou atravè New York yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)